

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun peran indung beurang dina prosési lahiran di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang, peran indung beurang saméméh jeung sabada aya bidan désa, properti nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun, jeung unsur sémiotik nu nyangkaruk dina properti nu digunakeun ku indung beurang dumasar kagunaan jeung mangpaatna. Métonde nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métonde déskriptif, kalayan ngagunakeun téhnik observasi, wawancara, dokuméntasi jeung nagunakeun intrumén wawancara séjénna.

Sedengkeun hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun jeung pedaran di BAB IV panalungtik bisa nyindekkeun saperti ieu dihandap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapaluruh yén peran indung beurang dina prosési lahiran nu dilaksanakeun di Kecamatan Jatigede téh kabagi kana tilu prosés nya éta saméméh ngalahirkeun atawa ngariksa nu keur kakandungan, prak-prakan ngalahirkeun, jeung sabada ngalahirkeun. Sedengkeun ritual atawa prosési lahiran nu dilakukeun di Kecamatan Jatigede kabagi jadi lima wincikan nya éta prosési Baritan, Tingkeban, prak-prakan ngalahirkeun, Nurunkeun atawa Nurunan, jeung Ngayun atawa Tingkeban. Sakabéh prosési nu dilakukeun ieu ngalibetkeun indung beurang salaku tokoh nu miboga peran pikeun mingpin jeung ngalaksanakeunana.

Kadua, peran indung beurang dina prosési ngalahirkeun nu dilakukeun di Kecamatan Jatigede dina mangsa saméméh jeung sabada aya bidan désa ngalaman sababaraha parobahan salah sahijina dina prak-prakan ngalahirkeun. Sabada aya bidan désa peran indung beurang dina prak-prakan ngalahirkeun ngan sakur ngabantuan bidan. Lian ti kitu properti nu digunakeun dina prak-prakan

ngalahirkeun ogé aya nu robah, contona hinis nu dipaké keur ngeureut diganti ku gunting. Sedengkeun dina prosési nu séjénna indung beurang dipercaya kénéh pikeun mingpin sakabéh prosési nu diayakeun nepi ka kiwari.

Katilu, sakabéh properti nu digunakeun ku indung beuarng dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede jumlahna kurang leuwih aya 38 rupa. Sakabéh properti ieu biasana digunakeun dina sakabéh prosési ngalahirkeun. Tapi aya sababaraha hiji properti anu ngan digunakeun dina salah sahiji prosési, contona hayam kampung nu hirup kénéh ngan digunakeun dina prosési nurunkeun atawa nurunan, rujak bubuahan nu ngan diayakeun dina prosési baritan jeung tingkeban, jeung mahinum nu ngan diayakeun dina prosési ngayun atawa tingkeban.

Kaopat, dumasar élmu sémiotik nu ditétélakeun ku Charles Sanders Pierce, unsur jeung harti nu kapaluruh dina sakabéh properti nu digunakeun ku indung beurang dina prosési ngalahirkeun di Kecamatan Jatigede téh aya 38 rupa. Unsur sémiotik nu kapaluruh nya éta ikon 21, simbol 5, jeung indeks 12 rupa.

5.2 Implikasi

Panalungtikan ngeunaan peran indung beurang dina prosési lahiran di Kecamatan Jatigede, Kabupatén Sumedang ieu dipiharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina widang budaya jeung widang sémiotik. Ieu hal kapaluruh tina peran indung beurang jeung properti nu digunakeun dina sakabéh prosési lahiran ti mimiti kakandungan nepi ka ngalahirkeun nu dipiharep bisa jadi pangaweruh anyar dina widang kabudayaan.

Dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun nu maca jeung masarakat ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan indung beurang jeung peranna dina kahirupan sapopoé hususna dina prosési lahiran. Sedengkeun harti jeung unsur nu nyangkaruk dina properti nu digunakeun ku indung beurang dina prosési lahiran dipiharep bisa jadi salah sahiji kabeungharan pangaweruh kabudayaan Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil jeung kacindekan nu dipedar di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu aya patalina jeung panalungtikan nu ditétélakeun ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan peran indung beurang dina prosési lahiran di Kecamatan Jatigede. Ku kituna, dipiharep bakal aya panalungtikan séjén anu medar peran indung beurang jeung bisa leuwih jéntré dina maluruh sakabéh prosési nu ngalibetkeun indung beurang.

Kadua, prosési lahiran nu dilakukeun di unggal daérah saméméh jeung sabada aya bidan désa tangtu béda-béda, kitu ogé peran indung beurang dina mingpin ieu prosési tangtu bakal béda gumantung pungsi jeung pangabisa indung beurang, ku kituna dipiharep bakal aya panalungtikan nu bisa leuwih ngajéntrékeun deui peran indung beurang dina mangsa saméméh jeung sabada aya bidan désa.

Katilu, studi pustaka ngeunaan properti nu digunakeunana kawilang saeutik kénéh ku kituna dipiharep panalungtikan kahareupna bisa leuwih jero deui maluruh ngeunaan kagunaan jeung mangpaat tina sawatara properti nu digunakeun ku indung beurang pikeun nambahan pangaweruh masarakat